АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!
# ЦОЛЪИ
Шамил районалъул газета
Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда
№32 (10026)
РУЗМАН
5 август 2022 сон
7 МУХIАРРАМ
Единство
Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ
Багьа эркенаб

■ АНТИТЕРРОР

М.ХIасанов:

## «Паракъалъи цIуни - нилъер аслияб иш»

**2 августалъ райадминистрациялда тIобитIана терроргун экстремизмалде данде къеркьеялъе гIуцIараб комиссиялъул данделъи.**





Гьеб нухда бачана районалъул бетIер, АТКялъул комиссиялъул председатель МухIамад ХIасановас.

Данделъиялда гIахьаллъана хIалтIулаб сапаргун рачIарал ДРялъул АТКялъул аппараталъул вакил Сайпудин Сайпов ва Унсоколо районалъул АТКялъул бетIерав специалист Д. ГIалиев. Гьединго, данделъиялде ахIун рукIана районалъул прокурор М. ИсмагIилов, ОМВДялъул нухмалъулев М. МухIамадов, районалъул бетIерасул заместитель ГI. Рамазанов, лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев К. Будунов, ОМВДялъул участковыязул ва балугълъичIезул ишал тIуралезул отделалъул нухмалъулев М.ГьитIиномухIамадов, райгазеталъул редактор П. МухIамадова ва районалъул АТКялъул аппараталъул хIалтIухъаби.

ТIоцебесеб иргаялда МухIамад ХIасановас баян кьуна терроралда данде къеркьолеб комиссиялъ гьабураб хIалтIул. ГIаммгьабун районалда ахIвал-хIал лъикI букIиналде кIварги кьун, гьес бицана паракъалъи цIуниялъе хадубккун тIуразе цере лъун ругел масъалабазулги.

Гьединго, данделъиялда бицана АТКялъул хIукмаби тIуразариялъул, рухIиял идарабазда хIинкъи гьечIолъиялъул паспортал гьариялъул, «Оружие-выкуп» операциялъул хIасилазул, лъай кьеялъул идарабазда цIуна-къаялъе гьарулел тадбиразул, жамгIиял гьиназдасан ва газеталдасан терроралде дандечIеялъе къватIиб кьолеб информациялде кIвар кьезе ккеялъул.

Киналго суалаздасан малъа-хъваял гьаруна ва хIалтIи мухIканлъизабиялъе нухалги рихьизаруна С.Сайповас данделъаразда.

ЩакъгокIудияб кIвар кьуна цIалул сон байбихьилалде школазда цIуна-къаялъул тIалабал тIуразариялде. -1 сентябралде видеокамераби гьечIел ва гьел хIалтIулел бакIал рукIине бегьуларо. Гьединго, хал гьабизе тIадаб буго хIинкъи букIин лъазабулеб кнопка хIалтIулеб бугищ щибаб цIалул идараялда,-ян бичIчIизабуна С.Сайповас.

Лъайкьеялъул идарабазда планалда рекъон халгьабиял унел рукIин бицана районалъул бетIерас, ва киналго байбихьул школазда махх батIа бахъулел аппаратал (металлоискатели) чIезаризе ругин баян гьабуна.

Данделъиялда цере лъурал суалаздасан тIадкъаял кьуна ва хIалтIул хIасилал гьаруна ахиралда.

**П. МУХIАМАДОВА**

■ НИЛЪЕР БАХIАРЗАЛ

## Районалъул чIухIи – къвакIарал васал

**БахIарзаллъун гьаруларо – бахIарзаллъун лъугьуна! Гьел рагIабазул хIакъикъи иргадулаб нухалъ бихьизабуна цоги нилъер ракьцояс, ГьитIихIмадибир Жамалудиновас.**



Украиналда тIобитIулеб бугеб спецоперациялъул гIахьалчи, КъахIиса Жамалудинов ГьитIихIмадибир ГIабдусаламович, рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ ва къвакIиялъухъ тIадегIанаб шапакъаталъе мустахIикълъана. Дагъал церегIан къояз нилъер районцоесе РФялъул Президент В.Путинил указалда рекъон, Жуковасул медаль кьуна.

ГIемераб гIумрудул ва рагъулаб хIалбихьи гьечIев, 26 сон гурони бачIев, гIолохъанав нилъер ракьцоясе, рагъда бихьизабураб бихьинчилъиялъухъ тIадегIанаб пачалихъияб шапакъат щвана.

БахIарчияв районцоесе ракI-ракIалъулаб барки загьир гьабуна районалъул бетIер МухIамад ХIасановас: «Гьарула ГьитIихIмадибирие сахлъи, талихI, хIалтIулъ ва рагъулаб хъулухъалъулъ чIахIиял бергьенлъаби, ракълилаб гIумруялъул халатал санал. Нилъер районалда гIемерал къуватал ва къвакIарал васаз буго Украиналда спецоперациялда гIахьаллъи гьабулеб. Гьарула киналго нилъер рагъухъабазе къадруялда жидерго рагъулаб борчги тIубан, сах-саламатго рукъалде руссине».

**ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА**




**НИЖЕР БАЯН:**

**ГьитIихIмадибир Жамалудинов гьавуна Шамил районалда 1996 соналъ. 2011 соналъ лъугIана ХIебда гьоркьохъеб школа.**

**2015 соналъ цIалун лъугIана МахIачхъалаялда бугеб ДГУялъул «физкультура ва спорт» факультеталда.**

**ГьитIихIмадибир Жамалудинов вахъана чанцIулго дзюдоялъул ва самбоялъул Дагъистаналъул ва СКФОялъул чемпионлъун. Гьединго, гьев ккола дзюдоялъул ва самбоялъул спорталъул мастер.**

**2021 соналдаса нахъе ГьитIихIмадибирас контрактияб хъулухъ тIубазабулеб буго Россиялъул ВМФялъул Каспиялъул флотилиялда.**

**Гьаб соналъул 24 февралалдаса нахъе гIахьаллъи гьабулеб буго Донбасс эркен гьабиялъул спецоперациялда. ТIадаб хъулухъ тIубалаго ГьитIихIмадибир Жамалудинов лъукъун вукIана.**

## Баркала эбел-инсуе багъадурзабазухъ

**Дагъал къояз цеве Дагъистаналде вачIун вукIана Донецк ва Луганск областазда рагъулаб хъулухъ тIубалев реактивный дивизионалъул командир, подполковник В.Каширин. Гьев данд чIвана республикаялъул бетIер С.Меликовгун ва республикаялдаса гьесул дивизионалда ракI бащадго хъулухъ гьабулел дагъистаниязул эбел –эменгун. Гьезда гьорлъ вукIана нилъер районалъул Ругъелдаса сержант Матулаев МухIамадил эмен Матулаев МухIамадгIалиги.**



Реактивияб артиллериялъул дивизионалъул, лъабабилеб артиллериялъул реактивияб батареялъул взводалъул командирасул заместитель сержант Матулаев МухIамад МухIамадгIалиевичас Донецкий республикабазда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялда тIоцебесеб къоялдаса нахъе реактивный дивизиялъул командаялда гьорлъ тIубалеб буго тушманасда цIа бакиялъул масъалаби.

М.Матулаевасул бахIарчиял ва махщалил ишаз рес кьолеб буго реактивный дивизионалда цере лъурал Украиналъул националистазул рагъулал формированиялдаса халкъ эркен гьабиялъе цере лъурал масъалаби тIуразе.

Гьебги хIисабалде босун, командирас баркала загьир гьабуна бахIарчиял дагъистаниязул эбел-инсуе. Гьес кьураб баркалаялъул кагътида хъвалеб буго:

«...Тушманасде рагъулаб гьужум гьабулаго, Матулаевас бихьизабуна рагъулаб машинаялъул командирасул бажари ва гьунар.

Сержантасул махщалилал ишаздалъун хвезабизе кIвана кIудияб къадар тушманасул бронетехникаялъул ва чIагояб къуваталъул.

Гьеб гуребги, гьесул мухIканал ишаз рагъулаб машинаялъул кумекалдалъун лъугIизабуна тушманасул кIиго гочараб минамет ва кIиго ярагъ, гьелъул хIасилалда, нилъер рагъухъабазе рес щвана тушманасда рагъулал ишазулъ гIемерго цебетIей бихьизабизе».

Баркалаялъул рагIаби, гьединго, загьир гьаруна районалъул бетIер МухIамад ХIасановасги: «Нилъ чIухIизе ккола районцоязул бахIарчилъиялъул рагIидал. Жидерго тIадаб борч нилъер гIолохъабаз ракIбацIцIадго тIубалеб букIин лъайдал, цIакъ вохарав вуго дун. Аллагьас цIунайги нилъер солдатал. Гьезул эбел-инсуе сахлъиги сабруги кьеги».

**Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ**

**НИЖЕР БАЯН:**

**Матулаев МухIамадица 2002 соналъ Ругъелда гьоркьохъеб школалдаса хадуб, цIалун лъугIизабуна МахIачхъалаялъул медицинаялъул колледж.**

**2006-2008 соназ хъулухъ гьабуна Россиялъул армиялда .**

**2011 соналдаса нахъе хъулухъ гьабулеб буго контракталъул хIисабалда армиялда ва тIоцересел къояздаса нахъе гIахьаллъулев вуго Украиналда хасаб рагъулаб операциялда.**

■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

# Авартеатралъул махщелалъ хIайранлъизаруна хIебдасел

**АрбагI къоялъ нилъехъе гьоболлъухъ щун букIана ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб драмаялъулаб Авартеатралъул коллектив. Гьез бихьизабуна исанасеб риидалил премьера - «Росулъ ккараб кепаб иш» абураб спектакль.**

ДРялъул мустахIикъав артист, Авартеатралъул бетIерав режиссер, нилъер районцояв МухIамадгIарип Сурхатиловасул постановкаялъ рагъулел руго росдал хъизан-рукъалъул кидагосел хIакъикъиял суалал.

Спектаклялъ загьир гьабуна рокьиги, хъизанги, магIарухъ рукIа-рахъинги. Пьеса хъваравги - цоги нилъер районцояв ГIарип Расулов. Россиялъул ва республикаялъул маданиялда жидер цIарал машгьуллъарал ракьцоязул хIалтIиялъе лъикIаб къимат щвана райцентралда.

КIвар кьечIого тезе бегьиларо Авартеатралъул артистазул махщелги. ТIоцебесеб минуталдаса байбихьун, сценаялъул занавес къазегIан жидерго ролалдаса нахъе къачIого, кIудияб гьунаралдалъун бихьизабуна щивас жиндирго героясул хаслъи.

Балагьарал релъизаризе кIвей-гьеб ккола гьезул бащадалгIайги жиндаго божизари. Божизаруна унголъунги Авартеатралъул артистаз! Хасго Пулатил роль хIалев вукIарав АхIмад Кудиевас. Артистазул махщелалъ хIайранлъизаруна хIебдасел.

ГIемераб мехалъ театралъухъ балагьизе рес щун букIинчIел районцоял маданияб рекIелгъеялъухъ гIащикълъун рукIин рихьулел рукIана. Спектакль лъугIун хадуб халат бахъараб хъатчIваялъ бицунеб букIана спектаклялъе къураб къиматалъул.











**ТI. МУХIАМАДОВ**

# ГIолилазул ишал

**3 августалда нилъер районалде щвана Россиялъул батIи-батIиял бакIаздаса данделъараб волонтеразул къокъа. Гьел ккола РФялъул Президентасул гранталъул кумекалдалъун тIобитIулеб бугеб «Кавказалъул сиял. Гьудуллъиялъул гIаламат - 2022» абураб волонтеразул проекталъул гIахьалчагIи.**



Гьезие дандчIвай гIуцIун букIана маданияталъул, туризмалъул ва гIолилазул ишазул отделалъ ва районалъул волонтераз.

Проекталда рекъон, волонтерал хIалтIизе руго Гьоор-Хьиндахъ. Гьениб хъаравуллъиялъул си цIилъизабизе кумек гьабизе буго гьез.

Къокъаялъе нухмалъи гьабулей Загида Садыковалъ бицана нижее проекталъул: «2016 соналдаса нахъе тIобитIулеб буго Россиялда «Кавказалъул сиял. Гьудуллъиялъул гIаламат - 2022» абураб миллатазда гьоркьоб гьуинлъи, вацлъи щула гьабиялъе гIуцIараб волонтеразул проект. 2017 соналъ жубана гьеб проекталде гьорлъе Дагъистанги. Щибаб соналъ гIатIилъун, гьелъ жанибе бачана тIолабго Шималияб Кавказ. 3 августалдаса байбихьун 13-де щвезегIан Кавказалъул республикабазда хIалтIизе руго къокъаби. Ахиралда хIасил гьабизе гьел данделъизе руго МахIачхъалаялда «Гьудуллъиялъул тадбиралда».

Гьоор-Хьиндахъ хIалтIун гурелги волонтерал щвезе руго нилъер районалъул тарихиялгун архитектуриял памятниказде. Гьезие рихьизаризе руго миллиял гIадатал рагьулел дарсал ва тIоритIизе руго экскурсияби.

Гьеб проекталъул кумекалдалъун, нилъер районалъул волонтеразул къокъаялъеги хIалбихьи щвелин ва лъай-хъваял гIатIилъилин хьул буго.

**НИЖЕР МУХБИР**



■ СЕССИЯ

**РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «ШАМИЛЬСКИЙ РАЙОН»**

**РЕШЕНИЕ**

**от «21» июля 2022 г. №11/7**

**Об изменении типа муниципального учреждения Отдел капитального строительства Шамильского района**

Руководствуясь Федеральным законом от 06 октября 2003 года №131-ФЗ “Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации”, Федеральным законом от 08 мая 2010 года №83-ФЗ “О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации в связи с совершенствованием правового положения государственных (муниципальных) учреждений”, Уставом Шамильского муниципального района, Собрание депутатов Шамильского муниципального района

РЕШАЕТ:

1. Изменить тип учреждения Отдел капитального строительства Шамильского района, существующего в организационно-правовой форме муниципального казенного учреждения, в тип муниципального бюджетного учреждения.

2. Цели деятельности, функции и задачи учреждения Отдел капитального строительства Шамильского района сохранить без изменений.

3. Имущество, закрепленное на праве оперативного управления, за учреждением Отдел капитального строительства Шамильского района сохраняется за ним в полном объеме.

4. Утвердить прилагаемое Положение об учреждении Отдел капитального строительства Шамильского района.

6. Разместить настоящее решение на официальном сайте администрации Шамильского муниципального района www.шамильский рф и в районной газете «Единство»

7. Ответственность за исполнение настоящего решения возложить на начальника учреждения Отдел капитального строительства Шамильского района Газимагомедова Ш.М.

8. Контроль исполнения настоящего решения оставляю за собой.

9. Настоящее решение вступает в силу с момента подписания.

**Председатель Собрания**
**депутатов МО «Шамильский район» М.К.Хизроев**

■ РАЙОНЦОЯЗУЛ ГIУМРУ

# ЗахIматалъул ветеранал

## ТIидиса МухIамад МухIамадов



МухIамадов МухIамадилгун дир лъай-хъвай ккана, гьев унтун Шамил ЦРБялъул терапиялъул отделениялде вегизе вачIиндал. Дида гьадинго рагIунги букIана МухIамад (гьидерица гьесда ГIумарилавилан абулеб буго) гIемерал соназ гIагараб ТIидиб колхоз-совхозалъул гIиял фермаялъул заведующийлъун хIалтIарав чи вугилан. ТIидихъабазул колхоз букIана цохIо районалда гуребги республикаялдаго цебе тIуразул цоялъун. Гьеб босун букIана республикаялъул ХIурматалъул хъорщодеги. Узухъда, гьеб киналъулъго гIураб бутIа букIана ГIумариласул.

Гьанибго абизе ккола гьесул инсуцаги хасаб бутIа лъун букIанин колхозияб магIишаталъулъ. ГIемерал соназ гьев хIалтIун вуго ТIидиб М.Дахадаевасул цIаралда бугеб колхозалъул боцIул фермаялъул нухмалъулевлъун. ЦеретIурал хIасилазе гIоло гьесие кьун букIана Ленинил орден. Чанго нухалъ гьев витIун вукIана Москваялде ВДНХялдеги. МухIамадил эбел йикIана гьебго колхозалъул дояркалъун. ЦеетIурай хIалтIухъан хIисабалда, гьей йищун йикIана ДАССРалъул Верховный Советалде депутатлъун. Гьединаб захIмат хирияб хъизаналда гIурав МухIамадилги хIалтIиги бокьулев, захIматги хирияв чи вахъиналда щаклъи букIинчIо.

Жиндирго хIакъалъулъ гьес бицана: "ТIидиб школалда 8 класс лъугIарав дица, 1967 соналъ тIоцебе вехьасул тIил кодобе босана. Чанго соналъ вехьлъунги хIалтIун, 1974 соналъ дун тIамуна гIиял фермаялъул заведующийлъун. Бигьаго букIинчIо 13азарго гIи бугеб магIишаталъе нухмалъи гьабизе байбихьуда. ГIемераб жоялъе дие кумек гьабулеб букIана дол соназ колхозалъул председательлъун хIалтIулев вукIарав, жиндир мунагьал чураяв ГIумахIмадица. ЦохIо лъикI букIана киналго гIухьби гIагараб колхозалдаса рукIин. 76 вехьасул 64-яв кколаан ТIидиса ва 12 гьебго колхозалъул аскIоб бугеб НакIкIикь росулъа. Жакъа гьезул нахъе хутIаразул вуго 3 чи. Квешал рукIинчIо гIухьбузул харжалги. МоцIрое гьезие щолаан 200-220 гъурущги, чIобого квенги, спецодеждаги. Дол соназ райкомалъул секретарасеги гьедигIанго харж букIанин ккола. 1991 соналъ колхозалъул гьабуна совхоз. Гьениб гIиял къадар бахун букIана 16-азаргоялде. Гьезие моцIрое кьолаан 3 лемаг ва чIобого квен. Амма гьанже росулъа гIухьби гьечIого, гьел къватIиса ралагьизе ккола ан. Дун завОТФялъул нухмалъулевлъун хIалтIулел соназ хисана колхоз-совхозалъул 3 нухмалъулев. ЦеретIурал гIухьбузе кьолаан премияги. Гьединго, щибаб соналъ гIи магIарухъе щведал, тIобитIулаан вехьасул къо. Оцги хъун, церехъабазе халичаби, костюм-тIажу, цогидалги сайгъатал кьолаан.

Дунгоги кIодо гьавуна пачалихъалъ. Дие кьуна «ЗахIматалъул БагIараб байрахъ» орден, цо соналъ дие бихьизабуна УАЗ автомашинаги. Дол соназ гьел росизе бокьа-бокьаразе щолароан. Дие кьуна "ДРялъул мустахIикъав гIи-боцIухъан" абураб хIурматияб цIарги. Грамотабазулни гуч букIана. Гьезда гъорлъ букIана РФялъул росдал магIишаталъул министерствоялъ кьурабги. 2011 соналъ хIалтIиги тун, дун ана мустахIикъаб хIухьбахъиялде"-ян лъугIизабуна МухIамадица хабар.

Амма пенсиялде анилан ругьунаб хIалтIи тезе кIвечIо гьесда. МахIачхъалаялда аскIоб бугеб тIидисезул хъутаналда вугев гьес гIемераб малъа-хъвай гьабулаан цIиял таразе. Гьенибго минаги бан, гIибоцIиги, гIанкIу-хIелекоги, гургуразде гIунтIун хьихьун вукIана гьев. БукIана гьениб пихъ кьолеб гIатIидаб ахги. Амма гIумруялъул гьудул-чIужу Аллагьасул къадаралде щведал, кинабго рехун тун, гIагараб росулъе вуссана гьев.

КIудияб хъизан буго МухIамадил. Анлъго ясги ва цо васги цIализеги гьарун, гIумруялде рахъинаруна гьес. Вас хIалтIулев вуго Шамил РОВДялъул кIудияв участковыйлъун. Ясалазулги рахъана лъабгоязул тохтурзаби, лъабгоязул мугIалимзаби. Гьез рехун толаро эмен, гьевги чIухIун вукIуна лъималазул 22 лъималаздасаги, 8 гьезулги лъималаздасаги.

## ГIасаса Разият ГIабдулкъадирова

57 соналъ къаси-къад батIалъи гьечIого, гIодоркъоязухъ балагьичIого, Шамил районалъул гIагараб ГIасаб росдал гIадамазе медицинаялъул хъулухъ гьабун хIалтIана, жакъаги къо ккани, кумекалъе ятулей, унго-унгояб куцалъ жиндирго гIагарлъи гIадин тIолабго росдал жамагIатги къиматай ва жамагIаталъги адаб-хIурмат гьабулей Разият ГIабдулкъадирова.

ГьитIинго бижана гьелъул гIелмуялде, хасго тохтурлъун яхъине анищги рокьиги. Дол саназ росулъ 7 класс гурони гьечIого, 10 класс лъугIизегIан гьей цIалана Хунзахъ, ГIарани бугеб магIарул ясазул школа-интернаталда. Росдал школалдаго гIадин, гьенийги Разият йикIана мисалияй цIалдохъан гурейги, гIемерал общественниял хIалтIабазул гIахьалчIужуги. ТIокIаб батIияб къасд букIинчIо гьелъул школа меседил медалалда лъугIигун мединституталде лъугьин гурони. Кьуна институталде жанире лъугьиналъул экзаменал. Киналго ункъил къиматазда кьурай гьелъул ракIчIун букIана жание йорчIилилан. Амма йосичIо. Кин-щайилан дагIбадарай гьелда бичIчIизабуна хIукуматалъул нухмалъулезул лъимал росун, бакI хутIичIилан. Гьебго мехалъ абуна Ереваналде инеги бегьилила, доба цIализе росулезул къадар гIолеб гьечIила. Киса гьай инсуца Ереваналде йиччалей, дагьаб захIмат гуро бихьараб гьаниецин йиччаларого. Экзаменалцин кьечIого йосана медучилищеялде. ЦIали лъугIигун, 1962 соналъ хIалтIизе лъугьана ГIасаб ФАПалде. Росу райцентралдаса гIемер рикIкIад гьечIониги, росулъ букIинчIо ток, квешаб букIана телефоналъул бухьенги. ЦохIо тохтуралъул хIалтIи гуребги Разиятица гIемераб хIалтIи гьабулаан росулъ рацIцIа-ракъалъи чIезабизеги. Балъгояб жо букIинчIо росулъ, хасго херал янгъизго хутIаразда нацIаз ханлъи гьабулеб букIин. Гьединал гIадамалцин цадахъ санитаркаги ячун рацIцIад гьарулаан Разиятица.



Чанго соналъ росулъги хIалтIун, ине ккана рос хIалтIулев вугеб Кочубеялъул ясли-ахалда медсестралъунги, санэпидстанциялдаги.

1967 соналъ магIарухъе ячIарай гьей жиндихъего ахIана дол соназ райбольницаялъул бетIерав тохтурлъун хIалтIулев вукIарав мунагьал чураяв ТIидиса Ибрагьим Ибрагьимовас. Росулъ хIалтIизе чиги щолел гьечIин, мун дурго гIагараб росулъ хIалтIизе кколин чIана гьев. Росги Кочубеялда вугин, ресги букIинарин чIаниги, росги дуда хадув вачIунилан хIалтIизе тIамиялъул приказги хъван, росулъе йитIанаян ракIалде щвезабуна Разиятица. Гьелдаса нахъе хисичIого хIалтIана гьей росулъ. КIудияб росги, гIисинал лъималги, колхозалъул председательлъун, хадуб районалъул ветуправлениялъул начальниклъун, росдал магIишаталъул управлениялъул нухмалъулевлъунги хIалтIулев рос вукIиналъ, рокъоса гьалбал камураб мехги гьечIониги, кинабгIаги жий сабаблъун унтаразе квалквал кколареб хIалалъ хIалтIана гьей. Ригь цIехечIого ахIи бачIарабго хъващтIан къватIие яхъунаан гьей.

Разиятица ракIалде щвезабуна:"Цо къоялъ къаси бачIана ахIи росдадаса гIемерго рикIкIада бугеб колодаса чIужугIадан квеш лъугьун йигила абун. Къокъанаха лъое. ЗахIматго ятана унтарайги. Къасимех. Чвантиниб лъолеб фонарикалъул канлъухъе капельницаги лъун, бегьулебщинаб дару-сабаги гьабун, мадар лъугьарабго носилкаялдаги лъун йосана росулъе. Йилъунаго гIодойккун тIадеяхъун йилъуней дир ретIел хIарщуцаги ракуцаги цIун букIана. Дие гьелъул ургъел букIинчIо унтарай хвасар гьайизе щваралдаса. ЦохIо лъимадулъ ругел руччабазулги, гIисинал лъималазулги гурегби ккола ан бихьиназул унтабазулги тIалаб гьабизе. ТIокIав дун гурони тохтурги гьечIелъул, гьурмада маскаги хун, бегьулеб кумек гьабулаан унтаразе. ГIадада батиларо росдал фельдшерасда "сельский профессорилан" абулеб. ТIаде тохтурзаби щвезегIан кинабго гьабизе кколелъул, заман нахъ бахъизеги рес букIунарелъул".

Росулъги, районалъул медколлективалдаги гьей йикIана тIадегIанаб къиматалда. Гьелъие нугIлъи гьабула гIемерал ХIурматалъул грамотабазги, цойгидал гьелъие кьурал шапакъатазги. Дол соназ цохIо гьай хIалтIулей йикIараб бакIалда жакъа хIалтIулел руго 5 медхIалтIухъан. Гьелъги бицуна Разиятил хIалтIул бажариялъул. Гьелъул хабар ккедал, Разиятица абуна жиндир талихI ккаnила районалъул больницаялъул нухмалъулеллъун хIалтIулел рукIарал республикаялдаго машгьурал И.Ибрагьимовгун, М.МуртазагIалиевгун, ГI-ХIаким МухIамадовгун, М.ТIалхIатовгун хIалтIизе ккей. Гьезул нухмалъиялъул бажариялда барабги букIунеб буго гIемераб хIалтIиян. Араб гIасруялъул 70-абилел соназ районалъул I-секретарас ахIун, Ростовалъул тIадегIанаб партшколалде цIализегицин йитIулей йикIун йиго гьей.

Кин бугониги, абизе бегьула Разиятил гIумру гIадада инчIилан. Росги гIумруялдаса хехго ватIалъун, 6 лъималдуе тарбия кьезеги ва гьел гIумруялде рахъинаризеги, цадахъго жавабияб, гьебго заманалда гIадамазул баркалаги, Аллагьасул кириги бугеб хIалтIи букIаниги, гьей разияй йиго жиндирго къисматалдаса. Гьелъул гIумру бугин абизе бегьула гIемеразе мисаллъун. КIиго соналъ цее мустахIикъаб хIалхьиялде аниги, гIумруялъул 83 соние яханиги, гьей нахъе къан чIоларо росдал жамгIиял хIалтIабаздасаги, хIажалъи ккани, малъа-хъвайги, насихIаталги гьарула жакъа хIалтIулезеги.

Халатал саназул сахаб гIумру нужое "ЗахIматалъул ветеранал"!

С. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ

■ ЗИГАРА

## ХIажимухIамадов ХIасан МухIамадхIажиевич



Дагъал церегIан къояз халат бахъараб унтудаса хадув нилъедаса ватIалъана лъикIав инсан, ТIидисезул ГУПалъул производствоялъул нухмалъулев ХIажимухIамадов ХIасан МухIамадхIажиевич.

ХIасан вукIана росдал магIишаталъе тIолабго жиндир гIумру кьурав лъикIав хIалтIухъан. 1979 соналдаса нахъе бригадирлъун хIалтIана гьев тIидисезул совхозалда. 1996 соналдаса нахъе Бабаюрталъул зонаялда авлахъалъул производствоялъул заведующийлъун хIалтIана. 2004 соналдаса нахъе гIиял фермаялъул бригадирлъунги тIамуна. Гьединго, гьес рагьун букIана фермерасулаб магIишат –«ГерцIоб». Гьанже гьесул хIалтIи ирсалъе босун буго васас.

Ахирисел саназ, ХIасан ХIажимухIамадовасул бажариялдалъун тIидисезул магIишат букIана районалъул бищун лъикIазул кьерда. Районалъул росдал магIишаталъул къецазулъги кидаго бергьенлъиялъулал бакIазда букIунаан гьезул магIишат.

Кинаб хIалтIи тIад къаниги, кинаб бутIаялдехъун кканиги ХIасаница кидаго тIад къараб иш тIубалев, гIадлу-низам ва лъай бугев специалистлъун вихьизавуна живго.

ЛъикIав хIалтIухъан гуревги, цIакъ гIадамал хирияв, гьалбал рокьулев чи вукIана ХIасан МухIамадхIажиевич. Гьелъ, пишацоязул ва гьудул-гьалмагълъиялъул рахъалдасан кидагосеб адаб-хIурматалда вукIана гьев. КигIан унтун вугониги, хIал лъазе биччачIого къабул гьарун рукIана ХIасанил рокъор хаслихъе гIужалъ хъутабазде бачIараб райадминистрациялъул кIудияб къокъа. ЦIураб тепсиги рагьараб ракIги букIана гьезул рокъоб гьалбадерий.

Гъваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго ХIасанил хъизан-лъималазда, гIагарлъиялда ва росуцоязда. Аллагьас ахират лъикIаб кьун батайги, мунагьал чурайги. ГIагабожаразе сабру кьеги.

**Росдал магIишаталъул отдел ва редакция**

■ РОСАБАЗУЛ ГIУМРУ

# Рагъул гIахьалчи ракIалдещвеялъе турнир

**Жамагlат цолъиялъе нилъер районалъул росабалъ цIакъ кIудияб кIвар кьола, данде ракIарула росурайон бахун къватIир ругел гIолилал, гIуцIула батIи-батIиял тадбирал. Гьединазулъа цояб, росдал гIолилал гъункиялъе багьаналъун жиб лъугьараб тадбир буго «Гьаадерил сиял» абураб санайилаб футболалъул турнир.**

Исана 6-леб нухалъ тIобитIулеб гьеб турнир Украинаялда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи, мунагьал чураяв старший лейтенант МухIамадов Шамил Исрапилович ракIалде щвеялъул цIаралда гъоркь гIуцIун букIана.

ГIолилал гъунки гуребги, турниралъул аслияб мурад буго спорталде ва сахаб гIумруялде гьел цIай.

Исана турниралъ данде гьарун рукIана 300-даса цIикIкIунчи. Гьелъ загьирлъулеб буго къо бахъанагIан гIолилазулъ спорталде ракIцIай цIикIкIунеб букIин.

РакIбацIцIадал, амма хIалуцарал къецазул хIасилалда тIоцебесеб бакI ккуна «Темирхан -Шура» командаялъ. 2-леб бакIалде бачIана «Даргиб» команда ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана - «ХIебда» команда.

Бергьенлъи босарал командабазе кьуна медалал, грамотаби ва гIарцулал шапакъатал.

Росдал администрациялъ ва турнир гIуцIиялъе квербакъарал жигарчагIаз патриотикиял, терроргун экстремизмалдаса гIолилал рикIкIад гьарулел ва гьел спорталде ахIулел кIалъаял гьаруна. Гьединал спортивиял къецал сахаб гIумруялъул лъикIаб тарбия кьеялъул мисаллъун рукIиналде кIвар кьуна кIалъалез.

Тадбиралъе ахир лъуна рагъул гIахьалчагIазе ва гьенир хваралщиназе дугIа гьабиялдалъун.

**НИЖЕР МУХБИР**




■ ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ ГРАЖДАН

### Средний размер сумм дополнительных мер социальной поддержки военнослужащим участвующим в СВО

| Основные выплаты за нахождение на территории Украины, ЛНР и ДНР | | | | | | | Дополнительные выплаты за нахождение на территории Украины, ЛНР и ДНР | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Воинское звание | 2 ОВД За сутки | | Всего суточные и 2 ОВД за месяц | | ИТОГО ДД за месяц | За участие в Активных | За участие в Активных | Всего за участие в активных наступательных действиях | | ИТОГО ДД за месяц с учетом |
| | | | | | | | 8 т.р. в сутки | 50 т.р. за каждый 1 км | За сутки | За месяц | |
| 1 т.р. | Рядовой | 773 | 4 240 | 128 130 | 35 054 | 163 184 | 8 000 | 50 000 | 58 000 | 1 740 000 | 1 903 184 |
| 2 т.р. | Рядовой | 850 | 4 240 | 130 440 | 37 773 | 168 213 | 8 000 | 50 000 | 58 000 | 1 740 000 | 1 908 213 |
| 3 т.р. | Ефрейтор | 927 | 4 240 | 132 750 | 41 280 | 174 030 | 8 000 | 50 000 | 58 000 | 1 740 000 | 1 914 030 |
| 4 т.р. | Мл. сержант | 1 004 | 4 240 | 135 060 | 47 801 | 182 861 | 8 000 | 50 000 | 58 000 | 1 740 000 | 1 922 861 |
| 5 т.р. | Сержант | 1 159 | 4 240 | 139 710 | 47 537 | 187 247 | 8 000 | 50 000 | 58 000 | 1 740 000 | 1 927 247 |
| 6 т.р. | Ст. сержант | 1 313 | 4 240 | 144 330 | 53 302 | 197 632 | 8 000 | 50 000 | 58 000 | 1 740 000 | 1 937 632 |
| 7 т.р. | Старшина | 1 390 | 4 240 | 146 640 | 56 575 | 203 215 | 8 000 | 50 000 | 58 000 | 1 740 000 | 1 943 215 |
| 8 т.р. | Прапорщик | 1 236 | 4 240 | 142 020 | 48 666 | 190 686 | 8 000 | 50 000 | 58 000 | 1 740 000 | 1 930 686 |
| 9 т.р. | Ст. прапорщик | 1 390 | 4 240 | 146 640 | 58 138 | 204 778 | 8 000 | 50 000 | 58 000 | 1 740 000 | 1 944 778 |
| 10 т.р. | лейтенант | 1 545 | 4 240 | 151 290 | 65 466 | 216 756 | 8 000 | 50 000 | 58 000 | 1 740 000 | 1 956 756 |

Дополнительное поощрение военнослужащих за захват пусковой установки
HIMARS – 1 млн рублей

Дополнительное материальное поощрение военнослужащих за уничтожение ВВТ ВСУ

Самолет, пусковая установка HIMARS, «Точка-У» -300 000 рублей
Вертолет -200 000 рублей
Танк -100 000 рублей
ББМ (БМП, БМД, БТР, БТЛБ) -50 000 рублей
САУ, ЗРУ (С-300, «Бук», «Тор», «Оса»), БМ РСЗО -50 000 рублей
БпЛА (средней дальности), тактическая ракета «Точка –У», реактивные снаряды систем залпового огня «Ольха», «Смерч», HIMARS -50 000 рублей

Единовременные выплаты в соответствии с Указом Президента РФ №98 (для всей категории военнослужащих

| Ранение – 3 млн. рублей | Гибель -5 млн. рублей |
|---|---|

Выплаты в/с-м по страховым случаям «СОГАЗ»

| Наименование полученных травм | Страховая сумма | Единовременная денежная выплата |
|---|---|---|
| Гибель | | |
| Легкое ранение | 74 211,60 | |
| Тяжелое ранение | 296 846,40 | |
| Признание негодным в следствии военной травмы | | 2 968 464,04 |

Добровольческие отряды «БАРС» -от 200 до 300 тыс. рублей
Единовременные выплаты в соответствии с Указом Президента РФ № 98 (3 и 5 млн руб.)

ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
П.Гь. Жамалудинова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал:
Муниципалияб гIуцIи
«Шамильский районалъул»
администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Цияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гъоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер
ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50